

**BIWO EGZEKITIF SANTE AK SÈVIS IMEN
BIWO MEDICAID (MASSHEALTH)**

**PÈMISYON POU JWENN EPI POU PATAJE ENFÒMASYON NAN SISTÈM MASSHEALTH POU
BEZWEN AK FÒS TIMOUN AK ADOLESAN
(CHILD AND ADOLESCENT NEEDS AND STRENGTHS - CANS)**

Non manm MassHealth la (Manm) _____

Non evalyatè sante konpòtmantal la (Evalyatè) _____

Non òganizasyon founisè a (Founisè) _____

Adrès founisè a _____

_____ (Manm) poko gen 21 an epi l ap fè yon evalyasyon pou sante konpòtmantal.

Ki sa CANS ye?

Founisè sante konpòtmantal yo (founisè yo) sèvi ak yon zouti ki rele Bezwen ak Fòs Timoun ak Adolesan (CANS) pou kolekte enfòmasyon klinik sou sante konpòtmantal manm yo ki poko gen 21 an. Pou manm k ap resevwa tretman kontinyèl, gen yon founisè ki pral regilyèman mete CANS ajou omwen chak 90 jou.

Enfòmasyon yo kolekte avèk zouti CANS lan (Enfòmasyon CANS) ede founisè yo fè yon seri bagay tankou:

- decide ki kalite sèvis konpòtmantal yon manm ka bezwen
- tyeke pou wè si avèk letan sèvis sante konpòtmantal yo ap ede manm lan

Poukisa MassHealth vle jwenn epi pataje enfòmasyon CANS

MassHealth genyen yon sistèm òdinatè yon founisè ka itilize pou mete enfòmasyon CANS yo chak fwa yo fè yon evalyasyon sante konpòtmantal oswa yo mete l ajou. MassHealth vle itilize sistèm nan pou l gen aksè nan enfòmasyon CANS lan epi pataje l avèk founisè yo ansanm ak antite swen entegre MassHealth yo (òganizasyon ki jere epi ki peye pou swen yon manm resevwa) konsa moun sa yo ka travay ansanm pou asire sèvis sante konpòtmantal yo ofri manm lan satisfè bezwen li. Lè yo pataje enfòmasyon CANS atravè sistèm nan tou, sa pral pèmèt yo pi byen enfòme founisè swen manm lan konsènan antededan medikal li epi sa pral redui kantite enfòmasyon founisè sa yo dwe kolekte nan men manm lan, jan yo bay plis detay sou sa anba a.

Si w bay pèmasyon w, founisè ki endike anwo a pral mete tout enfòmasyon CANS li kolekte konsènan manm lan nan sistèm MassHealth la. Atravè sistèm sa a, MassHealth pral kapab gen aksè nan enfòmasyon sa a epi rann li disponib pou founisè a pou l ka gen aksè ladan l alavni. MassHealth pral itilize sistèm nan tou pou l bay founisè a aksè nan nenpòt enfòmasyon CANS lòt founisè manm lan mete nan sistèm nan. Sa pral pèmèt founisè a mete ajou enfòmasyon CANS manm lan lè sa nesèsè, olye pou l ta refè tout CANS lan ankò. Si w dakò, MassHealth pral itilize sistèm nan tou pou l bay lòt founisè manm lan ki gen pèmasyon pou gen aksè nan enfòmasyon CANS founisè a te mete nan sistèm CANS lan, konsa yo pral konprann antededan manm lan epi yo ka pa bezwen mande manm lan pou l rebay yon pakèt enfòmasyon. Pèmasyon w tou pral pèmèt MassHealth itilize sistèm nan pou l bay

yon antite swen entegre MassHealth kote manm lan enskri pou l gen aksè nan enfòmasyon CANS founisè a te kolekte a.

Pèmisyon w

Lè w siyen anba a, ou bay founisè ki site anwo a pèmisyon pou l:

- mete tout enfòmasyon CANS konsènan manm lan li kolekte nan sistèm MassHealth la
- gade epi kopye tout enfòmasyon CANS konsènan manm lan lòt founisè te mete nan sistèm CANS MassHealth la

Lè w siyen anba a, ou bay pèmisyon tou pou MassHealth itilize sistèm nan pou pataje enfòmasyon CANS founisè a te kolekte avèk:

- founisè a ki endike nan premye paj fòm sa a
- antite swen entegre MassHealth la kote manm lan te enskri nan moman yo te mete enfòmasyon CANS lan nan sistèm MassHealth la
- lòt founisè ou te bay pèmisyon pou sa

Kèk bagay ou ta dwe konnen

Ni MassHealth ni founisè a paka etabli kòm kondisyon pou tretman, pou pèman pou enskripsyon oswa pou elijiblite pou benefis selon si ou siyen fòm nan oswa si w ta deside anile pèmisyon w alavni.

Si w bay pèmisyon w pou aktivite ki site anwo a, founisè a pral mete enfòmasyon CANS konsènan manm lan nan sistèm MassHealth la, epi MassHealth pral gen aksè nan enfòmasyon sa a epi pataje l avèk founisè a, lòt founisè ou bay pèmisyon pou sa ak antite swen entegre manm lan. Pèmisyon w pral pèmèt tou pou MassHealth bay founisè a aksè nan enfòmasyon CANS lòt founisè manm lan te mete nan sistèm na. **Note menm si w pa bay pèmisyon w, MassHealth ak founisè a ka toujou itilize oswa divilge enfòmasyon CANS konsènan manm lan jan lalwa egzije oswa pèmèt sa.**

Après yo fin pataje enfòmasyon CANS lan nan sistèm MassHealth la, òganizasyon ki te pataje enfòmasyon an pa pral kapab kontwòle ankò fason yo itilize oswa divilge enfòmasyon sa a. Lalwa sou lavi prive ki kouvri enfòmasyon CANS lan ka diferan lè MassHealth, founisè yo, oswa antite swen entegre yo kenbe enfòmasyon an, men chak nan òganizasyon sa yo dwe suiv lalwa sou lavi prive ki aplikab a limenm lè l ap itilize oswa divilge enfòmasyon an.

Ou ka mete yon dat pou lè w vle pèmisyon an tèmine sou fòm sa a anba a. Si w pa fè sa, pèmisyon an ap tèmine sou ennan apati dat ou siyen fòm sa a.

Ou ka anile pèmisyon sa a nenpòt lèt men fòk ou fè sa alekri. Anilasyon sa a pral anpeche founisè a ak MassHealth itilize sistèm MassHealth la pou pataje enfòmasyon CANS yo kolekte aprè w fin anile pèmisyon w. Yo paka retire enfòmasyon yo te deja mete disponib pou MassHealth, antite swen entegre yo, founisè a oswa lòt founisè ki otorize nan sistèm MassHealth la anvan yo te resevwa anilasyon w lan.

Anilasyon ki fèt alekri a dwe:

- di kiyès manm lan ye

- bay dat nesans manm lan
- di kiyès ou ye
- di si w se manm lan, paran ki anchaj manm lan, oswa eksplike poukisa ou ka aji nan non manm lan
- di w ap anile pèmisyon w pou mete epi pataje enfòmasyon CANS sou entènèt

Ou dwe voye bay founisè a anilasyon alekri a nan adrès ki endike nan premye paj fòm sa a. Ansuit founisè a dwe avize MassHealth lè w voye yon kopi lèt anilasyon an pa imèl nan: CANS-CBHI@MassMail.State.MA.US

Siyati w

Lè w siyen fòm pèmisyon sa a, ou bay pèmisyon pou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon CANS konsènan manm ki endike anwo a. Epitou w ap fè konnen: ou te li tout fòm nan epi ou te siyen l ak tout volonte w; epi ou gen dwa pou jwenn yon kopi fòm sa a ki siyen.

Non moun k ap siyen pèmisyon an an lèt majiskil

Siyati moun k ap siyen pèmisyon an

Dat li siyen an (dat pèmisyon an kòmanse)

Dat pèmisyon an tèmine (Si pa gen ankenn dat ki ekri sou liy sa a, pèmisyon an pral tèmine ennan apati dat moun nan te siyen fòm sa a.)

Tanpri tyeke liy ki anba a pou fè konnen poukisa ou ka siyen pèmisyon sa a dapre lalwa.

_____ Mwen se manm lan, mwen gen 18 an oswa plis. Si m pa gen 18 an oswa plis, mwen ka bay pèmisyon pou lòt rezon dapre lalwa.

_____ Mwen se paran ki anchaj manm lan.

_____ Mwen kapab aji nan non manm lan pou m bay pèmisyon pou bay enfòmasyon medikal. Mwen te adjwen avèk fòm sa a yon dokiman legal ki montre poukisa mwen ka fè sa.

Rapèl pou founisè a: Ou dwe bay manm lan oswa yon moun k ap pran swen manm lan yon kopi fòm sa a ki siyen. Si manm lan oswa moun k ap pran swen l lan anile konsantman sa a, ou dwe voye yon kopi lèt anilasyon an pa imèl nan: CANS-CBHI@MassMail.State.MA.US